



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK SÈVIS METEYO NASYONAL LA ANONSE YON SEMÈN  
SANSIBILIZASYON SOU MOVE TAN NAN ETA NEW YORK**

***Asosyasyon an edike Nouyòkè yo sou danje inondasyon, tònad ak gwo loraj  
pandan mwa prentan ak ete yo***

***Semèn sansibilizasyon sou move tan an se ap 25-29 avril 2022***

Gouvènè Kathy Hochul te deklare jodi a semèn sa kòm Semèn Sansibilizasyon sou Move Tan an pou mete aksan sou danje sezonye inondasyon, tònad ak loraj pandan mwa prentan ak ete yo nan Eta New York.

"Pandan chanjman klimatik la ap menase kominote yo atravè Eta New York, nou konsantre sou edike ak prepare Nouyòkè yo pou move tan pou yo kapab pi byen ekipe pou tanpèt alavni", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sitiyasyon move tan yo ap vin pi komen nan New York epi pandan ete a ap rive, rezidan yo dwe prepare pou sa ki pral vini alavni. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo aprann plis sou move tan ak danje loraj, inondasyon ak tònad kreye pou yo ka konnen kijan pou pwoteje tèt yo ak pwòch yo nan yon sitiyasyon ijans meteyowoljik".

Eta New York ak kanpay anyèl Sèvis Meteyo Nasyonal la fèt pou edike piblik la sou sa ki prevwa pou menas meteyo espesifik yo ak kijan Nouyòkè yo kapab pwoteje tèt yo ak fanmi yo pandan sitiyasyon move tan yo tankou loraj, tònad oswa inondasyon rapid. An mwayèn, atravè Etazini, 88 moun mouri chak ane nan inondasyon, 41 akòz zeklè ak 68 akòz tònad.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare**, "Eta New York kapab sibi move tan padan ane a, espesyalman pandan mwa prentan ak ete yo, se poutèt sa li enpòtan anpil pou Nouyòkè yo konnen kijan pou yo jere menas move tan. Nouyòkè yo kapab rete branche rezo sosyal nou semèn sa pou konnen kijan pou yo prepare ak reponn ak sitiyasyon move tan. Lè tanpèt danjere frape, li nesèsè pou nou gen yon plan ak pare pou abrite oswa evakye, tou depann de sitiyasyon an".

**Direktè Pwovizwa Sèvis Meteyo Nasyonal la, Mary Erickson, te deklare**, "Sèvis Meteyo Nasyonal la bay alèt ak avètisman men yo sèlman efikas si popilasyon an

resewva yo, konprann risk yo epi kapab pran mezi pou pwoteje tèt yo. Pran tan kounye a pou prepare pou move tan lè w enskri pou alèt ijans meteyo yo pou asire ou resewva avètisman yo byen vit epi monte plan ijans avèk fanmi ou".

Anba a gen kat etap pou preparasyon pèsònèl ke tout Nouyòkè yo ta dwe konnen:

1. **Fè yon Plan:** Prepare yon plan pou ou ak fanmi ou lakay, lekòl, nan travay ak anplennè. Idantifye yon plas sekirite pou jwennabri - lakay oswa lwen lakay ou - epi konnen ki mezi pou pran lè yo emèt yon avètisman ijans.
2. **Prepare yon Twous:** Founiti ijans pou lakay ou ak machin ou dwe dire 7-10 jou epi gen ladan yon flach, yon radyo meteyo ki resewva difizyon yo dirèkteman nan Sèvis Meteyo Nasyonal la ak batri siplemantè. Planifye bezwen medikal ak medikaman fanmi an epi asire ou gen founiti ijans pou tout bèt domestik yo.
3. **Rete enfòmè:** Rete branche estasyon televizyon ak radyo yo pou mesaj Sistèm Alèt Ijans (EAS) yo epi swiv nenpòt òdonans ijans lokal. Resewva enfòmasyon ijans atravè òdinatè oswa selilè ou lè w enskri nan NY Alert nan [alert.ny.gov](https://alert.ny.gov), yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans enpòtan.
4. **Patisipe:** Kontakte biwo jesyon ijans lokal ou pou aprann plis sou plans ijans yo ak konsèy pou preparasyon pèsònèl yo. Konsidere fè volontarya nan òganizasyon tankou [Lakwa Wouj Amerikèn](#), [New York Cares](#), [Volunteer NY](#) oswa [Salvation Army](#).

Pou plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl anvan move tan, vizite pajwèb Sekirite ak Prevansyon DHSES la nan [dhses.ny.gov/safety](https://dhses.ny.gov/safety).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418